

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa nyaéta pakakas komunikasi dina kahirupan. Luyu jeung pamadegan Sudaryat (2004, kc. 1) basa nyaéta sistem lambang omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalayan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragam (konvensional) antar anggota masarakat pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi. Manusa jeung basa téh mangrupa dua hal anu teu bisa dipisahkeun. Hiji basa lahir sarua jeung kumelendangna manusa ka alam dunya. Kitu ogé kamekaranna luyu jeung kamekaran jaman.

Kiwari, kamekaran basa ngaronjat babarengan jeung kamajuan téhnologi. Nurutkeun Hapsah (2017) kamekaran téhnologi, komunikasi jeung informasi bisa jadi salasihiji faktor ayana intérféresi basa. Ieu hal luyu jeung pamadegan Mulyani (2018) yén kamekaran téhnologi téh ngabalukarkeun ayana basa-basa asing nu asup ngaliwatan TV, radio, atawa *handphone*. Unggal kamekaran tangtuna miboga dampak positif jeung dampak negatif. Dampak positifna nyaéta nambahan kosa kecap anyar, anu tangtuna bakal ngeuyeuban khazanah basa. Dampak négatifna nyaéta ayana masalah basa, salasihijina nyaéta parobahan basa. Ieu masalah patali jeung masalah kontak basa anu aya di masarakat bilingual atawa multilingual. Ieu hal téh dibalukarkeun lantaran ayana campuran antara hiji kode basa jeung kode nu lian.

Nurutkeun Suhendar (2016) campur kode nyaéta makéna dua unsur basa atawa leuwih dina hiji omongan, dimana antara unsur basa nu hiji jeung nu lianna silih pangaruhanna sacara konsistén. Silih pangaruhanna dua unsur basa nu mangrupa bagbagan éta téh biasana muncul dina situasi komunikasi nu tangtu, biasana dina situasi informal anu balukar ayan kabiasaan ngagunakeun basa sapopoé, pikeun ngalengkepan atawa ngajembaran kandaga kecap, jrrd. Balukar kana ayana situasi campur kode téh nyaéta masarakat anu bisa maham kana sababaraha basa, anu disebut multilingual.

Salasihiji conto masarakat anu multilingual nyaéta masarakat di Désa Segaran Kecamatan Batujaya Kabupatén Karawang. Nurutkeun data

kependudukan, Kabupatén Karawang miboga tingkat parobahan masarakat nu kaasup kana kategori luhur (Huri, 2017). Éta parobahan téh salasihijina disababkeun ayana parobahan ékonomi nu relatif dinamis. Ieu hal bisa dipastikeun bakal ngabalukarkeun ayana parobahan basa di masarakatna, lantaran ayana migrasi basa ti basa daérah ka basa Indonesia, atawa ti basa daérah ka basa daérah séjén. Huri (2017) ogé nétélakeun yén Désa Segaran téh kaasup masarakat anu ngagunakeun tilu basa, nyaéta basa Sunda, basa Jawa, jeung basa Melayu. Ditilik tina letak geografisna Désa Segeran antel jeung wates Kabupatén Bekasi sarta laut Jawa. Nurutkeun Sopandi (2011) basa Melayu dialék Bekasi-Depok-Tangerang mangrupa turunan tina Melayu-Betawi ditambah jeung unsur-unsur basa Sunda, basa Cina Selatan (utamana basa Hokkian), jeung basa Arab. Ku kituna, di Kécamatan Batujaya mah basa anu digunakeunana pacampur antara nu maké basa Sunda, basa Jawa, basa Melayu.

Kaayaan samodél kieu, keur urang dinya mah teu jadi pasualan. Tapi pikeun jalma anu kakarak nyaba ka éta tempat mah tangtu bakal nimbulkeun salah harti pikeun panyaturna, lantaran can tangtu sakabéhna maham kana tilu éta kandaga kecap. Rosyadi, Spk, (2017) nétélakeun yén di masarakat multilingual, bakal aya kecap-kecap nu wangunna sarua jeung ma'nana sarua, aya kecap nu wangunna sarua tapi béda ma'na, aya kecap nu wangunna béda tapi ma'nana sarua. Luyu jeung pamadegan Maemunah (2017) nu nétélakeun yén kandaga kecap basa Sunda jeung basa Jawa téh loba anu sarua wangun jeung ma'nana. Dina prapanalungtikan nu dilakukeun tanggal 2 Maret 2019, kapanggih ayana ma'na nu béda di ieu tilu basa. Conto dina basa Sunda (BS) [nyokot] miboga ma'na “ambil” tapi dina basa Jawa (BJ) [nyokot] miboga ma'na “gigit”, dina BJ [abang] miboga ma'na “merah” tapi dina basa melayu (BM) [abang] miboga ma'na “kakak laki-laki”.

Ngabandingkeun hiji basa atawa leuwih dina kurun waktu nu sarua mangrupa ambahan linguistik. Salah sahiji widang linguistik nu nalungtik kana ayana babandingan basa nyaéta linguistik kontrastif atawa analisis kontrastif. Ieu hal luyu jeung pamadegan Kridalaksana (2009, kc. 15) nu nétélakeun linguistik kontrastif nyaéta métode sinkronis dina analisis basa pikeun nuduhkeun

sasaruaan jeung bédana basa-basa atawa dialék-dialék pikeun néangan prinsip nu bisa diterapkeun dina masalah praktis.

Pikeun ngulik masalah di luhur, tiori anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tiori Sudaryat ngeunaan kandaga kecap, leksikal, jeung sémantik. Ari sababna, unsur-unsur nu diulikna nyoko kana babandingan kecap-kecap dina kurun waktu nu tangtu nepika diperlukeun ayana analisis kontrastif, lantaran basa nu dibandingkeunna leuwih ti hiji. Dina prinsipna basa-basa nu dipaké pikeun komunikasi ku panyaturna téh miboga hubungan dulur anu raket antara nu hiji jeung nu lainna sanajan. Ieu hal bisa dibuktikeun ku ayana saruaan hiji basa nu bisa ditalusur asalna-muasalna.

Panalungtikan ngeunaan babandingan kandaga kecap atawa babandingan léksikon basa téh kungsi aya nu nalungtik. Di antarana panalungtikan nu judulna “Babandingan Léksikon Basa Jawa jeung Basa Sunda di Kecamatan Larangan kabupaten Brebes ku Didin Rosyadi, Zulaeha, I, jeung Baehaqie, I, (2017). Hasil tina éta panalungtikan nétélakeun yén basa Jawa Brebes (BJB) jeung basa Sunda Brebes (BSB) aya di kelas kecap nomina, verba jeung numeralia; leksikon wangun sarua ma’na beda dina BJB jeung BSB aya di kelas kecap nomina, verba, jeung numeralia; leksikon wangun béda ma’na sarua dina BJB jeung BSB aya di kelas nomina, adjektiva, verba, pronomina, jeung numeralia; hubungan kekerabatan basa Jawa jeung basa Sunda di kecamatan Larangan kabupaten Brebes kagolong kana katégori tingkat kekerabatan serumpun atawa stock nyaéta rumpun basa, lantaran miboga tingkat persentase 32%.

Kadua, “Status Kabasaan Jawa-Sunda jeung Bilingualisme di Kabupatén Tangerang, Banten ku Prasetyo, K.A (2011). Hasil panalungtikan nuduhkeun yén: (1) status hubungan kabasaan Jawa-Sunda di Kabupaten Tangerang nyaéta basa dina hiji kulawarga basa kelas basa Austronesia Barat, (2) ayana masarakat bilingual mangaruhan kandaga kecap nu digunakeun, (3) di Kecamatan Sukamulya kapanggih ayana prosés akomodasi nu lumangsung antara panutur basa Jawa jeung Sunda, (4) dina isolek Jawa-Sunda di Kabupaten Tangerang kapanggih ayana pangbéda dialék dina ambahan fonetik dan semantik.

Katilu aya panalungtikan nu judulna “Kekerabatan Kosakata Bahasa Sunda dengan Bahasa Melayu Betawi di Kota Tangerang Selatan ku Rendi Rismanto

(2012). Hasil panalungtikan nuduhkeun yén ayana hubungan kekerabatan antara basa Sunda jeung basa Melayu Betawi di Kota Tangerang Selatan. Aya 82 pasang kecap anu sadulur, nyaéta 42 pasang kecap dulur idéntik, 32 pasang kecap nu miboga koréspondénsif fonémis, jeung 8 pasang kecap nu miboga pangbéda dina hiji foném. Hubungan kekerabatan kagolong kana kulawarga basa nyaéta 43%.

Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan di luhur nyaéta dina variabel objékna. Dimana objék dina ieu panalungtikan nyaéta ngabandingkeun kandaga kecap ti tilu basa (Sunda, Jawa, Melayu) di Desa Segaran Kecamatan Batujaya Kabupaten Karawang. Ari panalungtikan saméméhna umumna ngabandingkeun dua basa, boh Basa Sunda jeung Basa Jawa, boh basa Sunda jeung basa Melayu. Sajaba ti éta, dina ieu panalungtikan digunakeun 377 kandaga kecap budaya, anu bisa dipasing-pasing jadi sababaraha istilah nu dipaké dina kahirupan sapopoé, di antarana; istilah babagian awak, sesebutan ka jalem, jst.

Dumasar kana pedaran di luhur, ieu panalungtikan nu judulna “Babandingan Kandaga Kecap Tribasa (Sunda, Jawa, Melayu) di Desa Segaran Kecamatan Batujaya Kabupatén Karawang” perlu dilaksanakeun, sabab can kungsi aya nu nalingtik. Ku kituna, dipiharep tina ieu panalungtikan bisa méré pedaran nu teleb ngeunaan babandingan kandaga kecap.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang panalungtikan, aya sawatara pasualan anu kaidéntifikasi nyaéta saperti ieu di handap:

- 1) Kaayaan masarakat anu multilingual anu ngabalukarkeun ayana tilu basa nu hirup di Desa Segaran;
- 2) Ayana tilu basa nu hirup, ngabalukarkeun réana kandaga kecap anu dipaké ku Masarakat di Désa Segaran, boh kecap Sunda, kecap Jawa, boh kecap Melayu. Ku kituna, ngabalukarkeun ayana babandingan kandaga kecap, campur kode, jeung alih kode.

Sangkan teu lega teuing idéntifikasi masalah di luhur, dina ieu panalungtikan henteu sakabéh masalah ditalungtik. Ieu panalungtikan diwatesanan medar perkara kandaga kecap nyaéta istilah babagian awak, istilah

gaganti ngaran, istilah pancakaki, istilah imah jeung babagianna, istilah usum jeung kaayaan alam, istilah pakéan, istilah pakasaban, istilah sasatoan, istilah tutuwuhan jeung bungbuahan, istilah kagiatan, istilah panyakit, istilah bilangan jeung ukuran, wangun, aspek jeung babandingan leksikal kandaga kecap tribasa (Sunda, Jawa, Melayu) nu aya di Désa Segaran Kecamatan Batujaya Kabupatén Karawang.

Dumasar kana idéntifikasi jeung watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun ieu kalimah pananya saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha wangun kandaga kecap tribasa (Sunda, Jawa, Melayu) nu aya di Désa Segaran Kecamatan Batujaya Kabupatén Karawang?
- 2) Kumaha aspék kandaga kecap tribasa (Sunda, Jawa, Melayu) nu aya di Désa Segaran Kecamatan Batujaya Kabupatén Karawang?
- 3) Kumaha babandingan struktur léksikal tribasa (Sunda, Jawa, Melayu) nu aya di Désa Segaran Kecamatan Batujaya Kabupatén Karawang?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana masalah masalah anu geus dirumuskeun, tujuan dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh jeung ngadéskripsikeun babandingan kandaga kecap tribasa (Sunda, Jawa, Melayu) di Desa Segaran Kecamatan Jayakarta Kabupaten Karawang.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun tilu hal hal, nyaéta:

- 1) wangun kandaga kecap tribasa (Sunda, Jawa, Melayu) nu aya di Désa Segaran Kecamatan Batujaya Kabupatén Karawang;
- 2) aspék kandaga kecap tribasa (Sunda, Jawa, Melayu) nu aya di Désa Segaran Kecamatan Batujaya Kabupatén Karawang; sarta
- 3) babandingan struktur léksikal tribasa (Sunda, Jawa, Melayu) nu aya di Désa Segaran Kecamatan Batujaya Kabupatén Karawang.

1.4 Manfaat Panalungtikan

Manfaat dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nya éta manfaat téoritis jeung manfaat praktis.

1.4.1 Manfaat Téoritis

Sacara téoritis manfaat ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngarojong kamekaran élmu dialéktologi jeung élmu léksikologi. Sajaba ti éta, hasil tina ieu panalungtikan ogé bisa dijadikeun gambaran ka nu rék ngulik babandingan kandaga kecap satuluyna.

1.4.2 Manfaat Praktis

Sangkan leuwih écés manfaat praktis ieu panalungtikan, nya éta ieu di handap.

- 1) Pikeun pamaréntah, hasil panalungtikan bisa jadi pedoman jeung invéntaristir babandingan tribasa (Sunda, Jawa, Melayu) di wilayah kabupaten Karawang anu leuwih lega, hususna di Desa Segaran.
- 2) Pikeun panalungtik, hasil panalungtikan bisa dipaké pikeun ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan babandingan kandaga kecap, hususna ngeunaan kandaga kecap tribasa, wangun, aspék jeung babandingan léksikal kandaga kecap tribasa (Sunda, Jawa, Melayu) anu aya di Desa Segaran Kecamatan Batujaya Kabupaten Karawang.
- 3) Pikeun masarakat, hasil panalungtikan bisa dijadikeun référénsi panalungtikan kandaga kecap satuluyna ogé dipiharep bisa méré gambaran ngeunaan babandingan kandaga kecap, hususna di Desa Segaran Kecamatan Batujaya Kabupaten Karawang.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi téh ditulis dina lima bab. Dina Bab I Bubuka, mangrupa bagian munggaran atawa bubuka dina ieu panalungtikan, anu ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, manfaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, dina ulikan tiori eusina medar tioti-tiori anu ngarojong kana ieu panalungtikan, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir. Ari

Dessy Nurhabibah, 2020

BABANDINGAN KANDAGA KECAP TRIBASA (SUNDA, JAWA MELAYU) DI DÉSA SEGARAN KECAMATAN JAYAKARTA KABUPATEN KARAWANG

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

panalungtikan saméméhna, ngaguar ngeunaan kumaha bébédaan ieu panalungtikan jeung panalungtikan nu kungsi dilakukeun saméméhna ku panalungtik séjén. Lian ti éta digambarkeun ogé peta konsép ngeunaan ieu panalungtikan dina bagian raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngawengku desain panalungtikan, lokasi jeung sumber data panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, sarta téknik analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, dina ieu bab dipedar ngeunaan hasil panalungtikan jeung pedaran hasil panalungtikan babandingan kandaga kecap tribasa (Sunda, Jawa, Melayu) di Désa Segaran Kecamatan Batujaya Kabupatén Karawang dumasar kana kandaga kecap tribasa, wangun, aspék, jeung babandingan léksikal kandaga kecap nu dipaké.

Bab V Kacindekkan, Implikasi jeung Rékoméndasi, mangrupa bab pamungkas anu eusina ngeunaan kacindekkan jeung saran tina sakabéh hasil panalungtikan minangka panutup dina ieu panalungtikan. Lian ti éta, aya ogé implikasi jeung rékoméndasi nu ditepikeun pikeun nu maca atawa panalungtik satuluyna.